# "PAXTA ISSI" BOYÍNShA REPRESSIYAǴA UShÍRAǴANLAR HÁM OLARDÍŃ MUZEY EKSPONATLARÍNDA SÁWLELENIWI.

**Usnatdinova Nasiyba Amanbaevna**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti quramındaǵı Repressiya qurbanların eslew muzeyi fond saqlawshısı.*

**Аннотация**. *Maqalada Qaraqalpaq Mámleketlik universiteti quramındaǵı Repressiya qurbanların eslew muzeyinde saqlanıp atırǵan tariyxiy eksponatlar hám olardıń tariyxiy-mádeniy áhmiyeti haqqında sóz etiledi. 1980-jıllarda Keńes dáwirinde orın alǵan «Paxta isi» boyınsha Qaraqalpaqstanda nahaqtan ayıplanǵan hám qamaqqa alınǵan mámleket hám jámáát basshılarınıń ómir jolı muzey materialları tiykarında talqılanadı. «Paxta isi» boyınsha ayıplanǵan insanlarǵa tiyisli hújjetler, fotosúwretler, jeke buyımlar, kitaplar, kúndelikler hám kartinalardıń muzey ekspoziciyasındaǵı ornı kórsetiledi. Sonday-aq, eksponatlardıń repressiya qurbanları haqqındaǵı tariyxiy haqıyqattı keleshek áwladqa jetkeriwdegi áhmyieti hám muzey xızmetkeleriniń, qurbanlar áwladlarınıń hám student jaslardıń olardı jıynawdaǵı qosqan úlesi ashıp beriledi.*

**Tayanısh sózler**: *Muzey, Paxta isi, ekspoziyaciya, qala, rayon, kartina, fotohújjet, buyım, sovxoz, sudent, fond, dóhmet, hújjet.*

Qaraqalpaqstanda "paxta isi" dep atalǵan repressiya xalqımız tariyxınıń ajıralmas bir bólegi bolıp esaplanadı. «Paxta isi» boyınsha quwdalawlar tek ǵana ayıplanǵan adamlardıń emes, olardıń shańaraqları hám jaqınlarınıń da turmısında tereń iz qaldırdı.

Keńes húkimetiniń qayta qurıw dáwirinde de repressiyalıq ilajlar iske asırıldı. 80-jılları Qaraqalpaqstanda "Paxta isine" baylanıslı bir neshe júzlegen adamlar gunası bolıw – bolmawına qaramastan, jazaǵa tartıldı. Sonıń ishinde xalqımızdıń abadanshılıǵı ushın xızmet etip atırǵan pidayı el azamatları 90 nan aslam respublika hám rayon, kolxoz basshıları tiykarsız ayıplanıp qamaqqa alındı.[1]

Repressiya dáwirinde elimizdiń rawajlanıwı ushın miynet etken bir qatar pidayı azamatlar da jábirlendi. Solardıń ishinde oblastlıq partiya Komitetiniń birinshi sekretarı Qallıbek Kamalov, Qaraqalpaqstan Ministrler Keńesiniń baslıǵı Erejep Aytmuratov, Qaraózek, Tórtkúl, Shabbaz, Ellikqala rayonlıq partiya Komitetleriniń birinshi sekretarları Sultamurat Qaniyazov, Qasım Nurımbetov, Alımbay Radjapov, Alımbay Primov hám taǵı basqalar edi. Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligin alǵannan keyin, hámme gúnasız jazalanǵanlar aqlandı.[2] Muzeyimizde bul atları atalǵan adamlarǵa tiyisli bir qansha bahalı eksponatlar saqlanbaqta. Bul eksponatlar arasında hújjetler, fotosúwretler, buyımlar, kitaplar hám kartinalar da ushırasadı.

Qaraózek hám Taxtakópir rayonlıq partiya komitetiniń birinshi sekretarı bolıp islegen Sultamurat Qaniyazov 1938-jılı Moynaq rayonınıń Qazaqdárya awılında tuwılǵan. 1964-1970-jılları aralıǵında Qaraqalpaqstan Respublikası komsomol komitetiniń birinshi sekretarı, 1975-jılı Qaraózek rayonlıq partiya komitetiniń birinshi sekretarı, 1985-jılı Taxtakópir

rayonlıq partiya komitetiniń birinshi sekretarı lawazımında islegen. Ol 1987-jılı Paxta isi boyınsha ayıplanıp qamalǵan ham 1991-jılı tolıq aqlanǵan. Muzeyde S.Qaniyazovtıń ózine tiyisli bolǵan hújjetleri, fotosúwretleri, óziniń ómiri haqqında jazılǵan «Алтын жағыс» memuar kitabı, jumıs kóliginde paydalanǵan raciya hám de óz qolı menen jazǵan kúndeligi bahalı eksponat sıpatında saqlanbaqta.  Sultan Qaniyazov Altın jaǵıs kitabında onıń Jaslar awqamında, awıl xojalaǵında, mal sharwashılıǵında, mádeniyat salasındaǵı alıp barǵan kórnekli isleri de keńnen sáwlelenedi. Qaraqalpaqstanda K.Salıkovtıń húkimranlıǵı dáwirindegi quwdalawlar, nahaqtan qamalıwlar, aqır aqıbetinde haqıyqatlıqtıń júzege shıǵıwları shıǵarmada ashıqtan ashıq bayan etilgen.[3]  Bul eksponatlar Nókis qalası, Tumar kóshesi №7 jaydıń turǵını Sultan Qaniyazovtıń ómirlik joldası Nigarxan apa Qaniyazova tárepinen 2018-jılı noyabr ayında muzeyge sawǵa retinde tapsırıldı. [4]

Bunnan basqa Alımbay Primovqa tiyisli hújjetler, fotosúwretler, jeke ózi paydalanǵan buyımlar hám de Alımbay Primovtıń ózi jazǵan ««Ҳаётим мазмуни» atlı kitabı da muzeyimizdiń ekspoziciyasınan orın alǵan. Alımbay Primov 1939-jılı 5-mayda tuwılǵan. Ekonomika ilimleriniń kanditatı. 1977-1985-jılları Ellikqala rayonlıq partiya komitetiniń birinshi sekretarı bolıp islegen. 1986-jılı Paxta isi boyınsha ayıplanıp, 1992-jılı aqlanǵan.[5] Bul eksponatlardı Beruniy rayonı «Nawayı» APJ turǵını Alımbay Primov balası Ulıǵbek Primov tárepinen 2018-jılı dekabr ayında muzeyge sawǵa retinde tapsırıldı.[4]

Sonday-aq usınday jazıqsız jazalanǵanlardıń biri bul YU.Fayzullaev. YUldash Fayzullaev 1926-jılı tuwılǵan. Bul insan ekinshi jer júzlik urısqa qatnasqan. Ámiwdárya rayonında sovxoz direktorı bolıp jumıs islep júrgen dáwirinde paxta isi boyınsha ayıplanıp 8 jıl múddetke qamaq jazasına húkim etilgen. 1991-jılı tolıq aqlanǵan.  Ol dóretiwshilik penen de shuǵıllanǵan. Kitaplar jazıp, súwretshilik penen de shuǵıllanǵan. Onıń bir neshshe kitapları baspadan shıqqan. Muzeyimizde YU.Fayzullaev avtorlıǵındaǵı «Tábiyat kórinisi», «Jaz kórinisi», «Puqaralıq urıs dáwirindegi sawash maydanınan kórinis» sıyaqlı bir neshshe kartinalar saqlanbaqta. YU.Fayzullaevtıń «Уруш оловида», «Мангит батир», «Амирнинг олтинлари», «Жизнь наших предков» kibi kitapları da ekspoziciyamızdan orın alǵan. Bunnan basqada muzeyimizde bul insanǵa tiyisli hújjetler, óziniń uslap tutqan buyımları hám de foto súwretleri de saqlanbaqta. Bul eksponatlar Ámiwdárya rayonı, Mańǵıt qalası Nurlı jol kóshesi №9 jay turǵını Shuhrat Fayzullaev tárepinen 2019-jılı fevral ayında muzeyge sawǵa retinde tapsırlǵan.[4]

«Paxta isi» Qaraqalpaqstan xalqınıń tariyxındaǵı eń awır hám qıyın dáwirlerdiń biri bolıp qaldı. Sol jılları kóplegen el azamatları gunası tolıq dálillenbesten, nahaqtan ayıplanıp, erkinliginen ayırıldı. Keyingi jıllarda olardıń kópshiligi aqlanıp, haqıyqatlıq qayta tiklendi. Búgingi kúnde Repressiya qurbanların eslew muzeyinde saqlanıp atırǵan hújjetler, fotosúwretler, jeke buyımlar, kitaplar hám kartinalar sol dáwir haqqındaǵı qımbatlı tariyxıy derek bolıp tabıladı. Sonlıqtan repressiyaǵa ushıraǵanlardıń esteligin saqlaw, olardıń tariyxın úyreniw hám keyingi áwladqa jetkeriw —haqıyqatlıqtı qásterlew búgingi áwladtıń eń áhmiyetli wazıypalarınıń biri.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Karamanova G. Qaraqalpaq mámleketlik universiteti quramındaǵı repressiya qurbanların eslew muzeyi// Qaraqalpaq universiteti gazetası 9-may 2018-jıl.
2. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис «Қарақалпақстан» 2003
3. С.Қаниязов. Алтын жағыс. Нөкис, 2006
4. Repressiya qurbanların eslew muzeyi fondı.
5. О.Примиов Ҳаётим мазмуни. Ургенч 1998

Global Science Publication